



Kudzorerwa kumashure pamusoro pekodzero dzevanhukadzi kunofanirwa kumiswa.

Chirevo chemubatanidzwa chevakadzi

Maitiro anoshungurudza zvikuru uye kuvhundutsa arikubuda mumakakatanwa arikuitwa parizvino mumasangano akawanda enyika dzakawanda kurwisa hurongwa hwemadzimai. Madzimai anopembererwa sevanhu vakazvipira kuve vachengeti vemhuri, vashandi vehutano (manesi), kuzvara uye kurera vana. Zvose izvi zvirikukonzeresa kutambudzika kwemadzimai nekuti vanoonekwa sevanhu vari munjodzi vanoda kuchengetedzwa asi ongororo netsvakurudzo kumadzimai inoona kuti ivo vanomanikidzwa kuiswa panjodzi. Mashoko avanovimbiswa anopokana zvakananyanya nematanho anotorwa kugadzirisa nyaya dzine chekuita nekuremekedza vanhukadzi nekuvagamuchira mumabasa kuderredza nyaya dzekuti vanhukadzi nevanasikana vanoshanda basa rakawanda asi vachitambira mari shoma¹. Maitiro aya anoderredza hushingi hwevanhukadzi uye mabatsiro avangaite munhau dzekusimudzira pamwe nematongerwo enyika. Izvi zvinobuditsa pachena kuenderera uye kudzika kwemidzi yekubatirirana munharaunda zvichimanikidza kuti tipe nguva yedu, cherechedzo netsvakurudzo uye shanduko nekuchimbidza.

Kupera kweCOVID 19 uye makore ekugadzirisa hondo yepasi rose, kodzero dzevakadzi maererano nekusarudza zvavanoda pamusoro pemiviri yavo yave kurwisa zvakaipisisa uye nenzira dzakasiyana uye dzakawanda. Kubatirirwa kwekodzero dzevanhukadzi uye hugari hwakanaka hwavo kuri kuwedzera uye kuenderera pasirose. Vanhukadzi vekuAfghanistan vanodzingwa paruzhinji zvisina kana tsitsi, ukuwo kulran, hushingi hwevanhukadzi hwakonzera kudzvanyirirwa nehutsinye kubva kuvakuru vezvitendero. Zvakadaro, kuUSA shanduko dzemutemo dziri kubvisa kodzero yekubvisa pamuviri, kudzikisira kuwanikwa kwehutano hwepabonde nekuronga mhuri zvakananyanya². MuEurope, chirongwa chiri mudariro chinozama kuti kubatwa chibharo haisisiri mhosva uye kudzima chibvumirano cheInstanbul. MuGaza neWest Bank, United Nations Institutions neNyika dzirimunhengo iyi dzichiri dzakadzimirwa mushure mekupokana uko kusvika parizvino kwauraya vanhu

¹ Dana Abed and Fatimah Kelleher (2022). *Kurwisa zvakaoma: Zvakawanda sei sarudzo yemutemo wehupfumi inzira yemhirizhonga kumarudzi* <https://policy-practice.oxfam.org/resources/the-assault-of-austerity-how-prevailing-economic-policy-choices-are-a-form-of-g-621448/> [Zvakaverengwa 13 Chivabvu 2024].

² Rachel Easter, [Amy Friedrich-Karnik](#) and [Megan L. Kavanaugh](#), (2024), *Zvirambidzo zvipi zvazvo paKuchengeta hutano hwokuzvara kunokuvadza kuzvimiririra pakubereka: Humbowo kubva kunyika Ina* <https://www.guttmacher.org/report/any-restrictions-reproductive-health-care-harm-reproductive-autonomy-evidence-four-states> [Zvakaverengwa 13 Chivabvu 2024].

vanopfuura zviuru makumi matatu (zvanhasi 12 Chivabvu³) nevamwe vakakuvara vanova vakadzi nevana kunyanya. Nyaya imwechete, maperero mamwechete semukurwisana kwese kwezvombo.

Hondo ndiwo muenzaniso unonyatsoburitsa nzvimbo yavarume munharaunda. Hasha dzinopembedza udzvinyiriri uye kushungurudzwa kunova ndiko “kugadzirisa” kusawirirana⁴. Mafungiro akadai anoita kuti miviri yevanhukadzi ive nhandare yekurwira zvimiro zvehukuru.

Kunyangwe muWorld Health Organisation(WHO), uko vakuru vakuru vanowanikwa vaine mhosva yekushungurudza vanasikana nevanhukadzi munyika yeDemocratic Republic of Congo (DRC) munguva yeCOVID 19, vakapona nekubhadhara mazana maviri nemakumi mashanu emadhara pamunhu⁵- bumbiro rakabuda mwaka shoma yadarika inotaura nezvekuchengetedzwa kwekodzero dzemadzimai riri kurwiswa⁶. Kunyangwe zvako kuine zvirongwa zvizhinji pasirese uye nzira dzepasi dzinoziva nekusimbisa zvese⁷, kodzero dzemadzimai maererano nezvehutano hwepabonde nekubereka dzinoramba dzichisangana nematambudziko.

Izvi zviru kucheneswa sei? Mukati meWHO , vamwe vanopokana kuti zvepabonde kubereka nedzimwe kodzero dzehutano inyaya dze “zvematomongerwo enyika” uye dzinofanira kugadziriswa nehurumende dzenyika , sezvo kuri kudarikidza nyaya dzinokwanisa kupindira veWHO. Asi hutano ndehwe zveatomongerwo enyika chokwadi bumbiro reWHO rinobvuma pachena kuti mamiriro ematomongerwo enyika sekusimudzira kusaenzana uye rusarura , zvinodzivisa kodzero dzehutano kumunhu wese. Bumbiro reWHO rinocherechedza runyararo, kudyidzana uye basa rehurumende rekuona kuti vanhu varo vakagara zvakanaka sezvakakosha kuhutano. Kubatana kwezvvinhu izvi kunomutsa mubvunzo wakakosha : ko sei kukosha kwezvematomongerwo enyika kweWHO kukukonzeresa kushushikana kana tichitaura zvekusimudzira nekuchengetedza kodzero dzevakadzi , asi kusagadzikana kwakafanana hakuonekwe mune dzimwe nyaya dzezvematomongerwo enyika dzinonetsa? Kukurudzira nyika kuchengetedza mashandisirwi ehutano mukati m in e “hamvuropu yemari” kana kusimbirira pahutsvene hwekodzero dzhungwaru,

³ <https://www.aljazeera.com/news/2024/5/12/un-chief-urges-immediate-ceasefire-in-gaza-as-35000-palestinians-killed> [Zvakaverengwa 13 Chivabvu 2024].

⁴ Boka reFeminist Foreign Policy (2024) *Strongmen and Violence: Kudyidzana kweanopokana nevakadzi nevanopokana nebudiriro rekuzvitonga kuzere. Boka rinoona nezvemadzimai epasirino* Berlin.<https://centreforfeministforeignpolicy.org/wordpress/wp-content/uploads/2024/02/CFFP-strongmen-and-violence.pdf> [Zvakaverengwa 13 Chivabvu 2024].

⁵ <https://www.voanews.com/a/internal-documents-show-the-world-health-organization-paid-sexual-abuse-victims-in-congo-250-each/7354013.html> [Zvakaverengwa 13 Chivabvu 2024].

⁶ Kerry Cullinan (2024) *Gakava pamusoro pekodzero dzekubereka pagungano reWHO. Voshora maonero ebato ravo pamwechete nesainzi* <https://healthpolicy-watch.news/row-over-reproductive-rights-group-at-who-board-undermines-science-based-approach/> [Zvakaverengwa 13 Chivabvu 2024].

⁷ Zvakadai: The [Convention on the Elimination of all Forms of Discrimination Against Women \(CEDAW\)](#), chibvumirano chepasi rose chakagamuchirwa muna 1979 neUnited Nations General Assembly; The [Beijing Declaration and Platform for Action \(BpfA\)](#), yakabvumiranwa pamusanganano wechina weWorld Conference wemadzimai muna 1995; The [Maputo Protocol Advances African Women's Rights](#), yakatambirwa neAfrican Union muna 2003 uye yakadzikwa muna 2005.

kunyangwe mitemo iyi ichitadzisa kuwana mishonga nembeu, hazvimutsi maitiro akafanana.

Kudzikisira uye kuderedza mapoka evanhu chiratidzo chisingagamuchirwe chesimba rinenge richishandiswa zvisina kunaka. Kuvakadzi nedzimwe nharaunda dzakasaririra varikubatirirwa, simba iri rinowanzonekwa uye kuzivikanwa sepatriachy. Patriachy inowanzoneka muzvitendero nemuzvimiro zveasangano, iri nyore kushandisa uye kushandiswa zvakanyanya, kusvika pakugamuchirwa uye kuiswa mukati menyaya dzakare, nyaya dzekupamba, imperialism pamwe nepopulism. Pakati pezviratidzo izvi zvese pane kudzvinyirirwa kwemazwi uye kuzvimirira kwemuviri.

Mabaturwo arikuitwa vakadzi nemamwe mapoka madiki muhurongwa hwemarudzi akawanda zvinorakidza kudzika kwepatriachy. Izvi zvinovharwa nemivhunzonhando isingagutse . Kazhinji kacho, kunyangwe zvakadaro, zvirongwa izvo zvinoguma zvasimbisazve chimiro chezvimiro zvechivanhu. Havagadzirisi midzi yemhirizhonga yakanangana nehurongwa hwekuti Nhengo dzeNyika dzinonzi dzinotaurira vakadzi vadzo , sokunge vakadzi ndivo pfuma vasingagone kuzvitaaurira vega.

Pasirose, vakadzi vanomiririra ruzhinji. Masangano ezvematongerwo enyika padanho rega rega ane chisungo chepamutemo chekucherechedza nekukudza chokwadi ichi, pane kuchikanganisa zvisvishoma nezvisvishoma. Zvakakosha kuti vakadzi vese vauye pamwe chete uye vasimudzire matambudziko avo akafanana nekukurudzira hurumende nemasangano akasiyana siyana kuti vakunde nekurongonora mamiriro akaita zvinhu.

Credits:

We deeply appreciate Kimberly Tafadzwa Mandenga for this thoughtful translation. We're truly grateful for your generosity and the genuine dedication you've shown in supporting this cause.